

Haitian Creole



Esplore Opsyon Ou

Revwa ki pwogram akademik, sèvis ak opòtinite ki disponnib nan lekòl pitit-ou ak nan lòt lekòl. Distri a sou sit browardschools.com/schoolchoice.



Aplike sou Entènèt 1 Desanm, 2020 - 8 Fevriye, 2021

Aplike sou sit browardschools.com/schoolchoice pou yon pwogram magnet ak transfè nan yon lòt lekòl ki gen plas disponnib; kenbe menm premye aplikasyon ou te ranpli bonè nan ane eskolè a.



Tcheke aplikasyon an 11 Mas, 2021

Vizite browardschools.com/schoolchoice epi klike sou *Check Your Status* nan dat ki endike anwo a, pou gen aksè nan rezilta aplikasyon School Choice.



Revwa Rezilta Aplikasyon

Si nou apwouve aplikasyon School Choice pitit-ou, kontakte lekòl-la epi al enskri pitit-ou anvan dat limit enskripsyon. Si nou pa apwouve aplikasyon ou, ou ka aplike pou yon lòt opsyon School Choice (Chwa lekòl), oswa kite non ou sou lis atant oswa ankò enskri pitit-ou nan lekòl zòn li.



browardschools.com/schoolchoice



Established 1915

BROWARD
County Public Schools

School Choice

Explore **your options**

Ki lekòl ki deziyen pou pitit-mwen ale?

Chak timoun nan Broward County dwe ale nan yon lekòl Distri a selon adrès rezidansyèl kay-la. Pou idantifye nan ki lekòl pitit-ou dwe ale, vizite sit browardschools.com/school-locator.

Èske pitit-mwen ka ale nan nenpòt lekòl Broward County?

Selon lwa Leta, yon elèv ka aplike nan nenpòt lekòl piblik Florid, kèlkeswa adrès kay kote li rete akondisyon kantite elèv ki anwole nan lekòl-la pa depase nivo kapasite. Pou detèmine ki lekòl ki gen plas disponnib, BCPS revize chak ane anwolman nan tout lekòl Distri a nèt nan bi idantifye plas aktyèlman ki disponnib epitou pou fè pwojeksyon sou anwolman elèv.

Paran ka mande yon lekòl ki gen plas disponnib lè li konplete yon aplikasyon School Choice (Chwa lekòl) diran peryòd aplikasyon louvri.

Nou va itilize yon pwosesis seleksyon oaza avèk asistans yon sistèm enfòmatis pou apwouve aplikasyon School Choice. Si plis plas vin disponnib diran pwosesis School Choice, nou va fè seleksyon adisyonnèl pami aplikan-yo. Nan kolonn dwat-la, gen tout dat-yo ki endike lè n'ap fè seleksyon-yo.

Pa gen okenn garanti yo va asepte aplikasyon School Choice pitit-ou; sepandan, pitit-ou ka toujou ale nan lekòl zòn li.

Dat Enpòtan

1 Desanm, 2020

Peryòd aplikasyon School Choice louvri.

8 Fevriye, 2021

Delè pou soumèt aplikasyon School Choice.

11 Mas, 2021

Nou seleksyone aplikan-yo epi notifiye-yo.

8 Avril, 2021

Nou seleksyone plis aplikan epi notifiye-yo.



browardschools.com/schoolchoice



The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson • Ann Murray
Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com